



# Advocates for Children of New York

## Protecting every child's right to learn

## Sèvis Tradiksyon ak Entèpretasyon nan Lekòl Leta Vil Nouyòk yo

Nan lekòl leta Vil Nouyòk yo, paran ki pa pale anglè gen dwa pou yo benefisyé de sèvis tradiksyon ak entèpretasyon gratis pou ede yo kominike ak lekòl ptit yo a ak lòt biwo Depatman Edikasyon (DOE) yo ak patisipe nan edikasyon ptit pa yo. Paran yo gen dwa pou mande yo tradwi kanè lekòl ptit pa yo ak lòt dokiman enpòtan yo nan lang pa yo epi pou gen yon entèprèt ki disponib pou ede yo pandan reyinyon yo genyen ak lekòl la epi ak pèsònèl DOE yo.

### **Kiyès ki gen dwa resevwa sèvis tradiksyon ak entèpretasyon ?**

Tout paran ki pale yon lang ki pa anglè kòm lang matènèl gen dwa pou yo resevwa sèvis tradiksyon ak entèpretasyon gratis.

Yo pa janm gen dwa di yon paran pou l vini ak pwòp entèprèt pa yo, epi yo pa dwe janm mande timoun yo pou entèprete pou paran pa yo.

### **Nan ki lang sèvis yo disponib ?**

Yo dwe mete sèvis tradiksyon ak entèpretasyon disponib nan nèf lang etranjè ki pi komen-arab, bengali, chinwa, fransè, kreyòl ayisyen, koreyen, ris, panyòl ak oudou. Sepandan, tout paran yo, menm sa ki pale lòt lang ke nèf lang sa yo, gen dwa mande sèvis tradiksyon ak entèpretasyon nan lang matènèl pa yo.

### **Nan ki moman DOE dwe ba w tradiksyon an ?**

DOE a dwe ba w tradiksyon tout dokiman ki gen enfòmasyon enpòtan konsènan edikasyon ptit ou a san pèdi twòp tan. Dokiman sa yo gen ladan :

- Avi jeneral, tankou enfòmasyon konsènan konferans ant paran ak pwofesè, manyèl pou elèv ak paran, ak fòmilè demann pou enskri nan lekòl
- Dokiman konsènan ptit ou a, tankou kanè eskolè ak lèt pou di paran yo ke elèv la gen dwa pa pase ane lekòl la.
- Tout dokiman edikasyon espesyal yo tankou Pwogram Edikasyon Endividyl (IEP) yo ak evalyasyon. Pou plis enfòmasyon, tanpri konsilte [Fich Enfòmasyon sou Edikasyon Espesyal](#) APE a.

### **Nan ki moman DOE a gen egzijans pou ba w sèvis entèpretasyon ?**

DOE a dwe ba w sèvis entèpretasyon pou w ka kominike ak pèsònèl lekòl la epi ak pèsònèl DOE yo konsènan edikasyon ptit ou a. Pa egzanp, lekòl yo dwe bay sèvis entèpretasyon pandan konferans ant paran ak pwofesè yo epi pandan reyinyon IEP yo. Sant Byenveni Familyal yo dwe bay sèvis

entèpretasyon tou pandan ke paran yo ap enskri ptit pa yo lekòl la. Biwo direktè sistèm eskolè a dwe bay sèvis entèpretasyon lè paran yo rele yo ak kesyon konsènan lekòl la.

### **Kòman mwen kapab jwenn sèvis sa yo ?**

Ou ta dwe mande sèvis tradiksyon ak entèpretasyon dirèk nan men lekòl ptit ou a oswa nan men biwo DOE kote w pral pale konsènan edikasyon ptit ou a. Pou entèpretasyon, DOE a gen dwa ba w sèvis entèpretasyon an pèsòn oswa o telefòn. Entèpretasyon o telefòn disponib ant 8è ak 15è, sòti lendi rive vandredi.

Lekòl ptit ou a dwe detèminen lang matènèl ou a epi aprann si w bezwen èd pou kominike ak lekòl la nan yon delè 30 jou apati dat ptit ou a antre lekòl la. Lekòl ptit ou a dwe gade yon dosye ki endike lang prensipal ou a tou.

Tout lekòl yo dwe ba w yon kòpi de Deklarasyon Dwa ak Responsablite Paran yo, ki gen ladan I enfòmasyon konsènan dwa ou genyen pou w resevwa sèvis tradiksyon ak entèpretasyon. Tout lekòl yo dwe afiche pano ki fasil pou tout moun wè pou fè konnen ke gen sèvis tradiksyon ak entèpretasyon ki disponib.

### **Èske lekòl yo konnen ke yo dwe ban mwen sèvis tradiksyon ak entèpretasyon ?**

Wi ! Chak lekòl gen yon Kowodonatè pou Aksè Lengwistik ki edike pèsonèl lekòl la konsènan obligasyon yo genyen pou bay paran yo sèvis tradiksyon ak entèpretasyon.

### **Kisa m ta dwe fè si yo pa ban mwen sèvis tradiksyon ak entèpretasyon ?**

Si yo pa ba w sèvis tradiksyon ak entèpretasyon oswa si sèvis yo pa bon kalite, voye yon imèl bay [hello@school.nyc.gov](mailto:hello@school.nyc.gov), rele liy telefòn DOE pou pòte plent nan (718) 935-2013, oswa rele nimewo 311.

### **Èske w gen kesyon adisyonèl ?**

**Tanpri rele liy telefonik Jill Chaifetz pou asistans ak dosye edikasyon**

Sòti lendi rive jedi • 10è jiska 16è  
1-866-427-6033 (san frè)

Objektif fich enfòmasyon sa a se pou fè yon rezime de politik ak lwa ki deja egziste yo, san nou pa pataje opinyon AFC a. Si w gen yon pwoblèm jiridik, tanpri kontakte yon avoka oubyen yon defansè.

Dwa lotè © avril 2023 pa Advocates for Children of New York, Inc.